

**PASINAON KAPRIGELAN MAOS TEKS BASA JAWA**

**(Studi Kasus Wonten Ing Kelas VIII E SMP Negeri 2 Selomerto**

**Semerter Ganjil Taun Piwulangan 2016 / 2017)**

**ARTIKEL**

**Kangge Anjangkepi Saperangan Syarat Anggayuh Drajad Magister**

**Program Studi Pendidikan Bahasa**



**Kaanggit dening**

**Runipah**

**NIM 15PSC01695**

**PROGRAM PASCASARJANA**

**UNIVERSITAS WIDYA DHARMA KLATEN**

**2017**

## **PASARUJUKAN**

**PASINAON KAPRIGELAN MAOS TEKS BASA JAWA**

**(Studi Kasus Wonten Ing Kelas VIII E SMP Negeri 2 Selomerto  
Semerter Ganjil Taun Piwulangan 2016/2017)**

Dening

Runipah

NIM. 15PSC1695

Sampun Pikantuk Pasarujukan dening Pamong

Tapak Asma

Tanggal

Pamong 1

Dr. H. Basuki, M.M.

NIP 19540312 198003 1 003



Pamong 2

Dr. Agus Yuliantoro, M. Hum.

NIP 19591004 198603 1 002



Kauningan

Ketua Program Studi Pendidikan Bahasa



Dr. Dwi Bambang Putut Setiyadi, M.Hum.


NIP. 19600412 198901 1 001

**PANGESAHAAN**  
**PASINAON KAPRIGELAN MAOS TEKS BASA JAWA**  
**(Studi Kasus Wonten Ing Kelas VIII E SMP Negeri 2 Selomerto**  
**Semerter Ganjil Taun Piwulangan 201602017)**

Dipunanggit dening :

Runipah  
NIM. 15PSC01695

Sampion dipunsarujuki lan dipunsahaken dening Tim Pangaji :

Jabatan	Nama	Tapak Asma	Tanggal
Pangarsa	: Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M.Pd NIK. 690 115 345		.....
Panitra	: Dr.D.B. Putut Setiyadi, M.Hum NIP.19600412 198901 1 001		.....
Pangaji I	: Dr. H. Basuki, M.M. NIP 19540312 198003 1 003		.....
Pangaji II	: Dr. Agus Yuliantoro, M. Hum. NIP 19591004 198603 1 002		.....

Kauningan,



Direktur Program Pascasarjana

  
Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M.Pd  
NIK. 690 115 345

Ketua Program Studi

  
Dr.D.B. Putut Setiyadi, M.Hum  
NIP.19600412 198901 1 001

## **PRATELA**

Ingkang tapak asma ing ngadhap menika, kula

Nama : Runipah

NIM : 15PSC01695

Program studi : Magister Pendidikan Bahasa

Program : Pascasarjana

Mratelakaken kanthi sayektosipun bilih tesis ingkang irah-irahanipun

Irah-irahan : **PASINAON KAPRIGELAN MAOS TEKS  
BASA JAWA (Studi Kasus ing Kelas VIII E  
SMP Negeri 2 Selomerto Semester Ganjil  
Tahun Pelejaran 2016/2017)**

Menika seratan kula piyambak, Perkawis ingkang sanes asiling karya kula ing salebetung tesis punika dipun sukani tandha sitasi lan dipun tedahaken ing salebetung kapustakan.

Mbok bilih ing mangkenipun kabukten bilih pratela menika boten leres kula sagah nampi sanksi akademik inggih menika batalipun gelar Magister Pendidikan saking Universitas Widya Dharma Klaten.

Klaten. 9 Mei 2017

Ingkang damel pratela



Runipah

## **MOTTO**

1. Manjada wa Jada
2. Suradira jayaningrat lebur dening pangastuti

## PISUNGSUNG

*Tesis menika kula pisungsungaken dhumateng :*

1. Ibu kula Istikomah,ikang tansah paring donga lan katresnan ingkang tulus dhumateng kula mugi tansah pinaringan sih kanugrahaning Gusti
2. Garwa kula Awal ingkang tansah asung panjurung lair lan batos
3. Adikula Sri Martuti ingkang paring iguh pratikel
4. Kanca-kanca dwija SMP N 2 Selomerto ingkang kathah paring panjurung lan iguh pratikel.

## **ATUR PANGLANTAR**

Puji syukur konjuk wonten ngarsanipun Pangeran Ingkang Maha Kawasa, amargi lubering sih kanugrahan ingkang agung satemah panaliti saged nyekapaken tesis ingkang irah-irahanipun “Pasinaon Kaprigelan Maos Teks Basa Jawa (Studi Kasus ing Kelas VIII E SMP Negeri 2 Selomerto Semester Ganjil Tahun Pelajaran 2016/2017)”. Tesis menika kaanggit minangka satunggaling syarat kangge nggayuh drajat Magister Pendidikan Pogram Studi Pendidikan Bahasa Universitas Widya Dharma Klaten

Karana tesis menika sampun cekap, panganggit ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpa pepindan dhumateng :

1. Prof. Dr. H. Triyono, M.Pd. Rektor Universitas Widya Dharma (Unwidha) Klaten ingkang sampun paring Fasilitas
2. Prof. Dr. Herman J Waluyo, M.Pd. Direktur Progam Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten, ingkang sampun ngeparengaken panganggit nindakaken panaliten.
3. Dr. D.B. Putut Setiyadi, M. Hum. Ketua Program Studi Magister Pendidikan Bahasa Universitas Widya Dharma Klaten ingkang sampun paring panjurung panganggiting tesis menika.
4. Dr. H. Basuki, M.M. minangka dosen pamong 1, ingkang sampun paring panuntun salebetung nyekapaken tesis menika
5. Dr. Agus Yuliantoro, M. Hum. Minangka dosen pamong 2, ingkang sampun nuntun kanthi sabar lan tlatos.

6. Sri Puji Astuti, M.Pd. Kepala SMP Negeri 2 Selomerto ingkang sampun paring idi palilah panaliti ngawontenaken panaliten ing sekolah ingkang dipun pangarsani.

7. Sedaya pihak ingkang boten saget panaliti sebataken satunggal baka satunggal ingkang sampun paring panyengkuyung awujud menapa kemawon satemah tesis menika saged kacekapaken.

Panaliti sampun budi daya murih sampurnaning tesis menika, ewa semanten panaliti jejer titah sawantah mboten uwal saking kekirangan. Pramila nyuwun panyaruwe saking para kadang pamaos tansah panaliti antu-antu.

Klaten, Mei 2017

Panyerat

## **DAFTAR ISI**

PASARUJUKAN.....	ii
PENGESAHAN .....	iii
PRATELA .....	iv
MOTTO .....	v
PISUNGSUNG .....	vi
ATUR PANGLANTAR.....	vii
DHAPTAR ISI .....	ix
DHAPTAR GAMBAR .....	xii
DHAPTAR LAMPIRAN .....	xiii
SARI PATHI .....	xiv
ABSTRAK.....	xv
<i>ABSTRACT</i> .....	xvi
BAB I. PURWAKA .....	1
A. Lelarahaning Prakawis.....	1
B. Idhentitasing Prakawis .....	6
C. Wewatesaning Prakawis .....	6
D. Rumusaning Prakawis.....	7
E. Ancasing Panaliten.....	8
F. Mumpangating Panaliten .....	8

## BAB II. LAMBARAN TEORI, PANALITEN INGKANG KAGAYUT,

LAN RAGANGAN PAMIKIR .....	10
A. Lambaran Teori .....	10
1. Sinau lan Pasinaon .....	10
a. Hakikat Sinau .....	10
b. Prinsip-prinsip Sinau .....	11
c. Hakikat Pasinaon .....	12
d. Komponen-komponen Wonten ing Pasinaon .....	13
2. Pasinaon Maos .....	15
a. Hakikat Pasinaon Maos .....	15
b. Ancasing Maos .....	16
c. Jinising Maos .....	19
3. Metode SQ3R .....	22
4. Teks utawi Wacana .....	24
B. Panaliten ingkang Kagayut .....	25
C. Raganganing Pamikir .....	27
BAB III. METODHOLOGI PANALITEN .....	29
A. Papan lan Wekdal Panaliten.....	29
B. Wujud lan Strategining Panaliten .....	30
C. Objek panaliten .....	31
D. Dhata lan Sumbering Dhata .....	32
E. Teknik Ngempalaken Dhata .....	33
F. Validitas Dhata.....	39

G. Teknik Pangonceking Dhata .....	40
BAB IV. ASILING PANALITEN LAN PANGREMBAGIPUN .....	43
A. Dhata ingkang Kapinggihaken.....	43
B. Proses Pasinaon Maos Teks Basa Jawa Ing Kelas VIII E Taun Pasinaon 2016/2017 .....	51
C. Sebab Wontenipun Kasus Ing Pasinaon Maos Teks Basa Jawa ing Kelas VIII E SMP N 2 Selomerto .....	61
BAB V DUDUTAN, IMPLIKASI, LAN PRAMAYOGA.....	72
A. Dudutan .....	72
B. Implikasi .....	75
C. Pamrayogi .....	77
DHAPTAR KAPUSTAKAN.....	79
LAMPIRAN .....	81

## **DHAPTOR GAMBAR**

1. Gambar Skema Ranganganing Pamikir ..... 28
2. Gambar Skema 7 Langkah Penyediaan Dhata ..... 38
3. Gambar Skema 5 Langkah Analisis Dhata ..... 42

## DAFTAR LAMPIRAN

1.	Daftar Nama Kelas VIII E .....	81
2.	Silabus Bahas Jawa Tahun 2016 .....	82
3.	Materi Ajar .....	119
4.	RPP .....	121
5.	Observasi/ Traskrip Pasinaon.....	133
6.	Alat Tes .....	151
7.	Hasil Tes Siswa Asiling Wawan Pangandikan Panaliti kaliyan Dwija .	153
8.	Asiling Wawan Pangandikan Panaliti kaliyan Siswa .....	184

## SARI PATHI

Runipah 2017 Pasinaon Kaprigelan Maos Teks Basa Jawa (Studi kasus wonten ing kelas VIII E SMP Negeri 2 Selomerto semester Ganjil Taun Pasinaon 2016/2017). Program Studi Pendidikan Bahasa, Program Pascasarjana Universita Widya Dharma Klaten.

Ing panaliten menika rumusaning prakawis inggih menika1) Kadospundi lampahing pasinaon kaprigelan maos teks basa Jawa ing kelas VIII E SMP Negeri 2 Selomerto semester ganjil taun pasinaon 2016/2017? 2) Menapa wonten kasus pasinaon kaprigelan maos teks basa Jawa ing kelas VIII E SMP Negeri 2 Selomerto semester gasal tau pasinaon 2016/2017 wekdal panaliti nindakaken panaliten?.Teori-teori ingkang dipunginakaken salebetung panaliten Pasinaon Kaprigelan Maos Teks Basa Jawa (Studi kasus wonten ing kelas VIII E SMP Negeri 2 Selomerto semester Ganjil Taun Pasinaon 2016/2017) inggih menika pasinaon, motivasi ing pasinaon, media pasinaon, kaprigelan maos lan evaluasi. Panaliten menika ngangge studi kasus ing SMP 2 Selomerto ngginakaen langkah njinglengi, ngonceki lan damel dudutan.

Asiling panaliten saget kapendhet dudutanipun inggih menika a) piwulangan ingkang kalampahan dwija langsung paring materi boten paring apersepsi langkung rumiyin.b) siswa ngayahi tugas saking guru ananging kirang aktif.c) materi ingkang dipun andharake dwija kirang rinci.d) metode ceramah lan penugasan kirang maksimal.e) media namung setunggal teks legenda. Adhedasar asiling analisis ing nginggil dudutanipun inggih menika dwija salebetung ngayahi pasinaon kirang jumbuh kalian RPP amargi setunggal boten ngginakaken apersepsi,lan motivasi. Kaping kalih siswa namung nyadhong pangandikan saking dwija siswa boten gadah pamanggih. Kaping tiga materi pasinaon sekedhik sanget. Kaping sekawan metode ingkang dipun ginakaken kirang maksimal. kaping gangsal medianipun winates boten murangkabi sedaya siswa. Panyebabipun inggih menika kirang persiapan lan kirng nguwaosi materi. Kaping kalih kirang motivasi dhumateng siswa. Kaping tiga materi kirang anggenipun ngandharaken. Kaping sekawan kiranging media anggenipun nindakaken pasinaon.

Tembung Wos : pasinaon, maos , teks basa Jawa

## **ABSTRAK**

Runipah 2017 Pasinaon Kaprigelan Maos Teks Basa Jawa ( Study Kasus ing Kelas VIII E SMP Negeri 2 Selomerto Semester Ganjil Tahun Piwulangan 2016/2017). Program Studi Pendidikan Bahasa, Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten

Pada penelitian dirumuskan masalah sebagai berikut 1) Kadospundi lampahing pasinaon kaprigelan maos teks basa Jawa ing kelas VIII E SMP Negeri 2 Selomerto semester ganjil taun pasinaon 2016/2017? 2) Menapa wonten kasus pasinaon kaprigelan maos teks basa Jawa ing kelas VIII E SMP Negeri 2 Selomerto semester gasal tau pasinaon 2016/2017 wekdal panaliti nindakaken panaliten?.

Pada penelitian ini teori yang digunakan adalah teori tentang pembelajaran, motivasi dalam pembelajaran, teori tentang membaca, penggunaan media pembelajaran, ketrampilan mengajar dan evaluasi.

Penelitian ini merupakan studi kasus dengan lokasi di kelas VIII E SMP Negeri 2 Selomerto semester gasal taun pelajaran 2016/2017 dengan mengamati, menganalisis dan menyimpulkan hasil penelitian.

Hasil penelitian dapat dijabarkan dalam a) Kegiatan pembelajaran yang dilakukan oleh guru langsung pada inti materi tanpa kegiatan apersepsi, memotivasi siswa dan penyampaian tujuan yang tidak maksimal, guru kurang menguasai materi. b) Siswa kurang mengetahui kosa kata dan arti dari kata tersebut dan tidak semua siswa aktif. c) Materi yang disajikan kurang rinci dan jelas. d) Metode ceramah yang digunakan dan penugasan kurang maksimal. e) Media yang digunakan kurang karena hanya 1 teks legendha. Berdasarkan hasil analisis dapat simpulan bahwa guru dalam melaksanakan kegiatan pembelajaran membaca teks belum berhasil karena pertama masih banyak kegiatan pembelajaran yang meningkatkan hasil belajar belum disampaikan yaitu kegiatan apersepsi, motivasi pembelajaran. Kedua siswa hanya mendengarkan ceramah guru yang kurang menguasai materi. Ketiga materi pelajaran yang disampaikan kurang maksimal. Keempat metode yang digunakan kurang maksimal tidak variatif dan media yang digunakan kurang karena hanya menggunakan satu teks legenda. Penyebab pembelajaran seperti itu adalah : pertama kurangnya persiapan dan kurang dikuasai materi membaca dengan teknik SQ3R oleh guru. Kedua kurang motivasi diri siswa ketika mengikuti kegiatan pembelajaran.Ketiga kurangnya bahan bacaan tentang legendha daerah Wonosobo sehingga menggunakan legendha dari daerah lain. Keempat media kurang mendukung dalam pembelajaran.

Kata kunci : Pembelajaran, membaca, teks bahasa Jawa

## ***ABSTRACT***

Runipah 2017 The Learning of Java Language Teks Reading Skill ( A case study at class VIII E of SMP Negeri 2 Selomerto first semester, academic years 2016/2017): Language Education Study Program, Postgraduate Program of Widya Dharma Klaten University

In this research the formulated problem are 1) How is the learning of Java language text reading skill? 2) What are the problems in teaching and learning of Java language text reading skill?

In this research the theories used are the theory of teaching and learning, motivation in teaching and learning, the theory of reading the use of teaching and learning media the skill of teaching and learning and evaluation.

The kind of research is case study which takes place if uses steps observe, analyze, and conclude.

The result of research can be as follows a) The teaching and learning activity done by the teacher directs to the core of material without doing appception, giving motivation, and diligently the aim, as well as comprehending the material. b) The student did not know the meaning of the vocabularies only some of them are active. c) The materials presented are not in detail. d) The methods of lecture and giving assignment are not maximal. e) The media used is only one legend.

Based on the result of analysis above it can be concluded that the teacher did not succeed in doing activity of teaching and learning of reading the legend it is because Firstly there are still many activities of teaching and learning which take role increase the learning achievement or not done, namely doing appception the giving motivation of teaching and learning. Secondly the student only listen to what the teacher says. Thirdly, the learning material presented is very shallow. Fourthly the method used is less maximal and the media used is very limited only one story. The causes of such teaching and learning are. Firstly the teacher less preparation on material comprehension of teaching and learning of reading SQ3R Secondly the student less motivation of following teaching and learning activity. Thirdly lack of reading material about the legend of Wonosobo, so that the teacher uses other regions. Fourthly the media less support in learning.

Key words : learning , read, Java language text

## **BAB I**

### **PURWAKA**

#### **A. Lelarahaning Prakawis**

Jaman samangke majenging ilmu pengetahuan lan teknologi rikat sanget. Wontenipun internet dadosaken kabar saking pundi kemawon saged dipun mangertosi kanthi gampil lan mirah. Gampil lan mirah kabar ingkang dipun kersakaken menika kadadosan ing sadengah papan. Kangge ngawekani majenging ilmu pengetahuan menika dipunbetahaken sumber daya manusia ingkang prigel ing bab menapa kemawon. Menawi sumber daya manusia taksih andhap dadosaken panguripan ing sadengah papan mliginipun Indonesia dados katilar saking bangsa manca. Majenging pendidikan sanget kaperlokaken. Kanthi pendidikan ingkang mirunggan saged nuwuhaken lan dadosaken lulusan ingkang nggadhahi iman lan taqwa dhumateng Gusti ingkang murbeng dumadi, nggadhahi budi pekerti ingkang luhur, sehat, prigel, mandiri lan dados masyarakat ingkang demokratis lan tanggung jawab.

Sampun kathah budi daya saking pamarentah kange nggayuh pendidikan ingkang mirunggan. Kadosta kanthi nyempurnakaken kurikulum. Kanthi kurikulum ingkang trep kaliyan kabetahaning jaman. Menawi kurikulumipun sampun trep lajeng nuwuhaken ancasing pasinaon ingkang mirunggan saged saeyeg saekapraya, temtunipun pendidikan dados langkung sae. Ngawontenaken pendidikan lan pelatihan kange tenaga pendidik dan kependidikan kadosta

seminar, *workshop*, bimtek, PLPG, lan paring kalodhangan kangge sinau ing jenjang ingkang langkung inggil. Lan boten nilaraken supados jangkepi sarana lan prasarana ingkang dipunbetahaken ing saben pawiyatan. Majenging pasinaon boten katemtokaken saking dwija kemawon, ananging kathah faktor ingkang nyengkuyung kadosta siswa, sarana lan prasarana, prosesing pasinaon lan sanes-sanesipun. Sinaosa mekaten kasil botening pasinaon asringipun katujokaken dhumateng kaprigelan pasinaon ing sekolah. Andhap inggiling mutu pasinaon dipunbebanaken ing dwijanipun. Pramila saking menika dwija kedah nyameptakaken programing pasinaon kanthi sae supados asiling pasinaon kados ingkang dipunkajengaken. Ingkang kedah dipun gatosaken inggih menika materi ingkang trep kaliyan kabetahan siswa, cara ngegulang para siswa, kadospundi lelampahaning pasinaon supados siswa remen lan kados pundi para siswa saged ngowaosi materi ingkang dipun sinaoni.

Menawi ragangan pembelajaran sampun dipunrantam kanthi sae lan dipundukung kaliyan lingkungan ingkang kondusif, menika saget dadosaken asiling pasinaon sae. Asiling pasinaon saget sae amargi kondisinipun mirunggan utawi trep kangge sinau nggadhahi daya ingkang inggil. Lingkungan masyarakat kedah nyengkuyung wontenipun kondisi ingkang sae kangge sinau. Kanthi wontenipun Komite sekolah saget nuuhaken lancaring pasinaon. Menawi lingkungan sampun kondusif temtunipun guru kedah saged damel lingkungan pasinaon ingkang kondusif ugi. Menawi lingkungan sekolah sampun mirunggan, lan lingkungan pasinaon ugi sampun mirunggan saget kagayuh prestasi belajar ingkang optimal.

Sasamunipun nyameptakaken rencana pembelajaran, dwija ugi kedah saged dados mediator lan fasilitator kangge siswanipun supados ngelmu ingkang dipun ajaraken gampil dipunmangertosi para siswa. Kanthi mekaten guru kedah nyamemptakaken samudayanipun jumbuh kaliyan kondisi siswa, paham kaiyan kabetahanipun siswa lan materi ingkang kajumbuhaken kaliyan lingkunganipun para siswa. Menawi sampun mangertosi sedaya kala wau lajeng dwija saged nemtokaken metode ingkang trep ing pasinaon. Menika nuwuhaken pasinaon ingkang ngremenaken dhumateng siswa lan ancasing pasinaon saged kagayuh.

Pasinaon boten namung dwija dados sumberipun, ananging siswa kedah saged pados sumbering pasinaon sanesipun. Dwija boten pareng dados punjering pasinaon. Siswa dipungulawenthah supados saged aktif lan kreatif sarta antusias kangge nderek pawiyatan.

Menawi sekolah lan dwijanipun sampun sae anggenipun paring seserepan lajeng siswanipun ugi kedah nggadhahi motivasi ingkang ageng kangge asiling pasinaon ingkang dados ancasipun. Kedah grengseng anggenipun sinau sae menika ing pawiyatan menapa ing griyanipun piyambak-piyambak. Kedah asring maos waosan, sae menika materi pasinaon ing sekolah lan waosan sanesipun supados langkung wiyar wawasanipun. Ananging sedaya menika kacandhet ing kiranging bahan waosan, andhaping ngreget kangge maos, kiranging pangertosan dasar-dasaring maos, boten mangertos paedahipun maos, maos dereng dipun dadosaken satunggaling kabetahan.

Dwija kedah saged nuwuhaken krenteg para siswa supados purun maos. Mliginipun maos pemahaman, ananging maos pemahaman kalebet satunggaling

ayahan ingkang boten gampil. Sinaosa mekaten maos menika wigati kange mangertosi ngelmu pengetahuan, kabar utawi informasi, lan mbok menawi dados kange karemenan. Kathah kabar utawi informasi ingkang kaemot kanthi seratan. Kanthi maos pemahaman saged ngindhakaken pengetahuan kange mangertosi kabar, informasi lan perkembangan teknologi.

Kaprigelan maos pemahaman dados bab ingkang wigati kange para siswa ing pasinaon. Saperangan ageng ngelmu ingkang dipun gadhahi para siswa kapendet saking kegiatan maos, mliginipun maos pemahaman. Ngelmu boten namung saking kegiatan belajar mengajar wonten ing pawiyatan kemawon, ananging saget ugi saking maos kahanan ingkang dipunprangguli ing saben dintenipun. Pramila grengseng lan kaprigelan angenipun maos wigati sanget kange ningkataken seserepanipun para siswa.

Nuwuhaken pakulinan maos ing para siswa dados pakaryan ikang awrat sanget, amargu kedah saged ugi nuwuhaken motivasi ingkang medal saking diri pribadining siswa piyambak. Menika saged medal menawi siswa saged mangertosi mampangatipun maos lan saged pikantuk seserepan ingkang enggal ingkang nembe dipun waos.

Andharan wonten nginggil nedahaken bilih maos pemahaman satunggaling kaprigelan ingkang kedah dipungadhahi dening para siswa supados saged pikantuk seserepan saking teks ingkang dipunwaos. Kaprigelan menika saged ngulinakaken para siswa gadhah penggalih ingkang kritis. Kanthi asring maos siswa saget ngindhakaken aktivitas para siswa kange nggonceki isining wacana. Kanthi asring gladhen saged paham satunggaling waosan kanthi optimal. Menika

sedaya katindakaken dwija kanthi paring ayahan ingkang gegayutan kaliyan wacana ingkang kedah dipun jawab dening siswa.

Siswa dipunparangi ayahan kanthi mangsuli tembung kapan, nangendi, sapa, kenangapa lan kepiye saking wacana. Menika saged nuwuhaken gregeting siswa paham kaliyan wacana ingkang dipun waos. Menawi ayahan kala wau sampun katindakaken lajeng dipun terasaken damel dudutan saking wacana. Dudutan menika dadosaken siswa langkung tekun anggenipun maos saengga saged pikantuk informasi-infaormasi ingkang mirungan kanthi reroncening tembung saking siswa piyambak.

Gegayutan saking wigatinipun perkawis kaprigelan maos pemahaman kangge siswa, pramila kaprigelan maos para siswa menika kedah sae. Satunggaling cara inggih menika kanthi ngawontenakaen proses pasinaon ingkang trep kaliyan standar pasinaon. Menika sedaya ingkang dados dasar kangge panaliti ngawontenaken panaliten studi kasus wonten ing pasinaon maos pemahaman siswa SMP Negeri 2 Selomerto mliginipun kelas VIII E.

Saking panaliten menika dipun kajengaken saged manggihaken ingkang nyebabaken kiranganing pemahaman siswa ing bab maos. Saking menika panyerat saget paring pamrayogi dhumateng dwija basa umumipun ing SMP Negeri 2 Selomerto lan mliginipun dwija basa Jawa. Asiling panaliten menika saget kangge pamrayogi wontening kekirangan anggenipun nyinaoni para siswa saengga kaprigelan maos saya dangu saya mindhak lan sae.

Irah irahan wonten ing panaliten menika “Pasinaon Maos Pemahaman Wacana Basa Jawa (Studi Kasus ing Kelas VIII E SMP Negeri 2 Selomerto Semester Ganjil Tahun Pelajaran 2016/2017)

### **B. Idhentitasing Prakawis**

Saking andharan lelarahaning prakawis wonten ing nginggil kapanggihaken prakawis ingkang umum kadosta :

1. Maos pemahaman wigatos sanget kangge para siswa.
2. Pasinaon maos pamahaman pujeripun tasih wonten ing dwija.
3. Para siswa tasih pasif anggenipun nampi informasi ing salebeting pasinaon.
4. Dwija dereng migunaaken metode ingkang variasi ing pasinaon maos.
5. Kaprigelaning siswa anggenipun maos tasih andhap .
6. Kasus pasinaon maos pemahaman ing kelas VIIIE SMP Negeri 2 Selomerto Semester Ganjil Tahun Pelajaran 2016/2017 taksih andhap asilipun. Kathah ingkang bijinipun sangandhaping KKM inggih menika 75.

### **C. Wewatesing Prakawis**

Wonten ing panaliten studi kasus menika panaliti matesi prakawis ing angka 6 inggih menika kasus pasinaon maos pemahaman ing kelas VIII E SMP Negeri 2 Selomerto Semester Ganjil Tahun Pelajaran 2016/2017.

Pamilihing lokasi panaliten lan topik panaliten. Panaliti ngawontenaken panaliten ing sekolah menika amarga SMP N 2 Selomerto sampun dangu

madegipun pramila dwijanipun sampun prigel anggenipun paring piwulangan. SMP N 2 Selomerto kapilih sekolah ingkang sampun nindakaken kurikulum 13.

Panaliti ngawontenaken panaliten studi kasus pasinaon ing kelas VIII E kanthi pawadan, kelas menika ingkang paling cepet pikantuk materi kange pasinaon maos pemahaman. Jadwalipun pasinaon boten sesarengan kaliyan kegiyatan sekolah.

Panaliti ngawontenaken panaliten studi kasus pasinaon maos pemahaman teks basa jawa nggadhahi pawadan, maos pemahaman satunggaling cara kange manggihaken informasi utawa ilmu saking wacana, pramila panaliti kepingin mangertosi kadospundi kawontenanipun pasinaon maos pemahaman teks Basa Jawa, kaprigelaning siswa maos pemahaman kanthi ancas menawi wonten kekirangan saged kadenengan lan enggal-enggal dipun leresaken. Lajeng saged paring pamrayogi supados asiling pasinaon saged mindhak. Menawi boten dipun panggihaken satunggaling kasus menika nedahaken menawi pasinaon sampun sae lajeng saged kange thuladha kange dwija sanesipun. Kanthi cara menika prestasi siswa saget kados ingkang dipun kajengaken.

#### **D. Rumusaning Prakawis**

Saking anddharan lelarahaning prakawis saget kasusun perkawisipun inggih menika :

1. Kadospundi lampahing pasinaon maos wacana basa Jawa ing kelas VIII E SMP Negeri 2 Selomerto taun 2016/2017?

2. Menapa wonten kasus pasinaon kaprigelan maos wacana basa Jawa ing kelas VIII E SMP Negeri 2 Selomerto taun 2016/2017 kalaksanan kados wekdal panaliti anggenipun nindakaken panaliten?

#### **E. Ancasing Panaliten**

Saking andharan rumusaning prakawis ing nginggil ancasing panaliten menika inggih menika :

1. Mangertosi lampahaning pasinaon maos wacana basa Jawa siswa SMP Negeri 2 Selomerto taun pasinaon 2016/2017.
2. Mangnihaken lan ndeskripsikaken kasus lan sebabipun ingkang wonten ing pasinaon maos wacana basa Jawa ing siswa SMP Negeri 2 Selomerto semester ganjil taun pasinaon 2016/2017.

#### **F. Mumpangating Panaliten**

Panaliten menika dipun kajengaken saged paring faedah antawisipun kange:

1. Kengge dwija SMP Negeri 2 Selomerto.

Manfangat kagem dwija (a) saged kange reng-rengan ing kang saged kaagem kange alternatif model ngrembakanipun pasinaon kange ngindhakaken kaprigelan maos wacana basa Jawa ing kelas VIII E SMP Negeri 2 Selomerto ing taun pasinaon 2016/2017.(b) Kangge alternatif kreasi lan inovasi wonten ing pasinaon supados inggil asling anggenipun maos ing kelas VIII E SMP Negeri 2 Selomerto taun pasinaon 2016/2017. (c) Panyerat buku Pelajaran Bahasa Jawa saged miggunakaken asiling panaliten kange informasi ing babagan pasinaon aspek maos.

2. Kagem SMP Negeri 2 Selomerto.

Saking panaliten menika dwija SMP Negeri 2 Selomerto saget ngrembakaken kaprigelanipun kanthi pendekatan ingkang langkung aktif, inofatif, kreatif lan ugi ngremenaken, lan kangge dasar nyameptakaken media pasinaon lan buku-buku waosan ingkang ngginakaken Jawa.

3. Kangge panaliti.

Wontenipun panaliten menika dipun ginakaken kangge pengalaman lan nambah seserepan pasinaon basa Jawa mliginipun kaprigelan maos.

4. Kagem wali murid SMP Negeri 2 Selomerto.

Panaliten menika kagem informasi ingkang dipun agem anggenipun gula wenthah putranipun wonten ing dalemipun.

## BAB V

### DUDUTAN, IMPLIKASI LAN PAMRAYOGA

#### A. Dudutan

Saking asiling panaliten lan pangonceking dhata ingkang sampun kajrentehaken ing bab IV saged kapendhet dudutanipun inggih menika :

#### 1. Proses Pasinaon Maos Teks Basa Jawa ing Kelas VIII E Taun Pelajaran 20016/2017

##### a. Bab ingkang Nalisir Magepokan kaliyan Aktivitas Dwija

- 1) RPP ingkang sampun kaanggit sampun sae ananging wekdal ngecakaken kirang trep. Ing kawiwitan pasinaon dwija boten paring apersepsi.
- 2) Materi pasinaon teks legendha kirang cocok kaliyan sosial utawi kawontenan siswa, ngginakaken teks legendha tlatah sanes, para siswa kirang mangertosi tlatah kasebat.
- 3) Dwija njentrehaken jinising dongeng mboten metode SQ3R kanthi tlesih

##### b. Pasinaon Maos Teks Basa Jawa ing Kelas VIIIE

- 1) Dwija anggenipun paring tugas kerja kelompok lan ndapuk kelompok kirang variatif
- 2) Dwija anggenipun ngetrapaken metode diskusi kirang trep amargi boten wonten kalodhangan kangge kelompok paring presentasi kalian kelompok sanes.

**c. Materi Pembelajaran**

Materi ingkang kaparingaken kirang jumbuh kalian sisawa SMP ing tlatah Wonosobo. Amargi teks ingkang dipun ginakaken inggih menika tek kanthi irah-irahan Dumadine Kitha Karanganyar. Teks menika kirang dipunmengertosi dening siswa. Kapara malah lare nembe mireng kitha Karanganyar wonten tlatah ing Jawa Tengah

**d. Media Pasinaon**

Media ingkang dipun ginakaken kirang nyengkuyung kangge nggayuh ancasing pasinaon kirang gunggungipun lan namung kasediakaken setunggal teks legendha kemawon.

**e. Aktivitas Siswa**

Wonten ing pasinaon kapanggihaken siswa ingkang taksih dolanan piyambak kirang aktif ing pasinaon.

**f. Evaluasi**

Asiling pasinaon saking evaluasi boten maremaken amargi siswa ingkang tuntas KKM namung 12,5 % saking 32 siswa.

**2. Sebab Wontenipun kasus ing Pasinaon Maos Teks Basa jawa ing Kelas VIII E SMP Negeri 2 Selomerto**

**a. Aktivitas Dwija ing Pasinaon**

- 1) Ing wiwitan pasinaon dwija boten paring apersepsi amargi kirang faham kaliyan ingkang dipun kajengaken ing apersepsi. Saking asiling wawan pangan dikan, Dwija ngendika menawi apersepsi saget ngirangi wekdal. Wekdal pasinaon dados cupen satemah kirang wekdalipun

- 2) Teks ingkang dipun paringaken kirang nyekapi. Boten saben siswa pikantuk teks Dhumadhine Kutha Karanganyar.
- b.** Kalodhangan kangge siswa menggalih cupet. Wekdal ingkang kaparengakaen dhumateng siswa namung sekedhik kamangka siswa kawratan anggenipun mangertos teges ing saben tembung. Siswa kawratan anggenipun negesi tembung amargi tembung-tembung ingkang kaserat ing cariyos ngginakaken dialek solo.

**c. Metode Pembelajaran**

- 1) Dwija anggenipun ndapuk kelompok kirang variatif.
- 2) Dwija anggenipun ngetrapaken metode diskusi kirang trep amargi boten wonten kalodhangan kangge kelompok paring presentasi kalian kelompok sanes.

**d. Materi Pembelajaran**

Dereng trep amargi cariyosipun sanes kalebet legendha tlatah Wonosobo, ingkang caket kaliyan dunungipun siswa kathah tetembungan ingkang boten mangertos tegesipun

**e. Media Pasinaon**

Media ingkang dipun ginakaken kirang nyengkuyung kangge nggayuh ancasing pasinaon kirang gunggungipun lan namung kasediakaken setunggal teks legendha kemawon.

**f. Aktivitas Siswa**

Wonten ing pasinaon kapanggihaken siswa ingkang taksih dolanan piyambak kirang aktif.

### **g. Evaluasi**

Evaluasi ingkang katindakaken ing pasinaon maos Legendha ing kelas VIII E asilipun kirang maremaken.

### **B. Implikasi**

Saking asiling panaliten menika saget kapethik manfangatipun ingkang wigatos, inggih menika:

1. Dwija kedah boten kendhat pados seserepan supados anggenipun paring ngelmu dhumateng para siswa gampil dipun tampi dening para siswa. Kedah kreatif lan inoatif anggenipun paring pasinaon. Supados para siswa langkung remen anggenipun sinau. Menika dipun jumbuhaken kaliyan kabetahan para siswa. Dwija nggenipun ngasto kreatif boten boseni dipun selingi gambar-gambau, langkung sae malih meniawi ngginakaken video lan audio visual.
2. Ngginakaken metode ingkang enggal lan cocok kaliyan materi saha umuring siswa. Medote dipun jumbuhaken kaliyan kabetahan siswa lan trep kaliyan Kompetensi dasar ingkang badhe dipun ranggeh. Metode ingkang dipunangge ingkang nueuhaken raos remen lan penasaran saengga siswa ngantu-antu urutaning pasinaon ingkang badhe kalampahan.
3. Media ingkang dipun ginakaken variatif tuladhanipun ceramah tayangan video lan teks. Siswa samangke gampil bosen menawi ingkang dipun adhepi namung seratan. Menapa malih seratan ingkang tembung-tembungipun boten asring dipun prangguli ing wicanten saben dintenipun. Basa dialek ingkang dipun angge siswa ndadosaken tetembungan saking dialek tlatah sanes kirang dipunmangertosi. Media pasinaon ingkang awujud video utawi audio visual

saged nuwuhaken greget siswa anggenipun siau. Sanajan radi kangelan saketedik anggenipun nyamemptakaken uba rampe kangge pasinaon. Siswa motivasinipun kangge mangertosi ancasing pasinaon langkung nggumbregah lan kangen kaliyan pasinaon salajengipun.

4. Ngathahaken maos kangge magertosi pasinaon ingkang jumbuh kalian umur karakter siswa-siswanipun. Dwija prayoganipun kathah waosanipun supados mangertosi tumuh kembang emosi lan mentaling siswa ingkang dados tanggung jawabipun. Siswa ngraosaken aman lan dipun gatosaken menawi materi, metode ing pasinaon trep kalian kabetahan umuripun. Menawi sampunmangertosi bab menika temtu kemawon ancasing pasinaon saget karanggeh kanthi asil ingkang maremaken, sae menika kangge siswa menapa kangge dwija lan sedaya ingkang sesambutan kaliyan pasinaon.
5. Kepala sekolah anggenipun paring supervisi kanthi cara periodik, lan aktif paring evaluasi ingkang trep saengga ancasing pasinaon saget sae. Sarana lan prasarana utawi ubarape kangge pasinaon dipunindhakaken. Wonten ing saben kelas prayoga wonten LCD, speker utawi ubarampe sanesipun ingkang andamel pasinaon sekeca kangge para siswa.
6. Gregetipun dwija anggenipun paring pasinaon dipunindhakaken. Boten namung supados ancasing pasinaon kemawon ingkang wigatos, ananging paring pasinaon ingkang nuwuhaken budi pekerti luhur, utawi dados siswa ingkang nggadhahi karakter. Ndadosaken siswa ingkang pinter ahlak tingkah laku lan pinter akademisipun. Siswa siap ambyur ing madyaning bebrayan

kanthi seserepan ingkang cekap saengga saged nglampahi pagesangan kanthi sukses.

7. Kangge sekolah uba rampe kangge pasinaon dipun indhakaken saelan gunggungipun. Fasilitas kangge pasinaon boten namung arupi gedhung- gedhung kemawon. Ananging sarana kadosta buku-buku lan internet dipun sumadyakaken kanthi cekap. Siswa anggenipun pados seserepan boten manung saking dwijanipun kemawon, saengga siswa ugi aktif lan kreatif pados seserepan supados ancasing pasinaon saget sae, lan jembar ilmu pengetahuanipun.

### **C. Pamrayogi**

#### **1 Kagem Lembaga**

Lembaga pendidikan nggadhahi tanggung jawab supados pasinaon menika ngasilaken siswa ingkang jumbuh kalian ancasing pasinaon. Sekolah paring sarana lan piranti ingkang sami kalian standar pendidikan Nasional.

#### **2 Kangen Para Pangarsa Sekolah utawi Pawiatan**

Para pangarsa sekolah kedah samapta ing gati paring motivasi dhumateng warga sekolah, saengga saget ngasilaken siswa-siswa ingkang lulusipun kanthi kualitas ingkang sae ing aspek menapa kemawon

#### **3 Kagem Para Dwija**

Saking analisis panaiten ingkang kajlentrehaken ing bab VI dipun panggihaken kasus. Pramila menawi badhe nyinaoni para siswa nggatosaken:

- a. Dwija nggadhai kesagedan pedagogik lan kesagedan psikomotorik
- b. RPP dipun jumbuhaken kalian silabus

- c. Anggenipun ngasta jumbuh kaliyan RPP ingkang sampun karantam
- d. Ngadi salira lan ngadi busana ingkang sae saengga siswa grengseng anggenipun sinau.

## DAFTAR PUSTAKA

- Bloom, Benjamin S, et al. 1979. *Taxonomy of Educational Objectives, The Classification of Educational Goals : Handbook I Ccognitive Domain.* New York: Logman Inc
- Dalman. 2014. *Keterampilan Membaca.* Jakarta : PT Raja Grafindo Persada
- Departeman Pendidikan dan Kebudayaan.2004. *Pedoman Umum Bahasa Indonesia Yang Disempurnakan.* Jakarta: Depdikbud
- Dimyati, dan Mudjiono,2002. *Belajar dan Pembelajaran.* Jakarta: PT Rineka Cipta
- Djamarah, Syaiful Bahri, Aswan Zain 1999. Strategi Belajar dan Mengajar. Jakarta: PT Rineka Cipta
- Marno& Idris 2008, Strategi & Metode Pengajaran . Yogyakarta: Ar-Ruzz Media
- Moleong,Lexy J. 2010. *Metodologi Pendidikan Kualitatif.* Bandung: PT Remaja Rosdakarya
- Nurhadi 2008. *Membaca Cepat Efektif.* Malang: Sinar Baru Algensindo.
- Oka, I Gusti Ngurah. 1983. *Pengantar Membaca dan Pengajarannya.* Surabaya: Usaha Nasional.
- Rahim, Farida 2008. *Peangajaran Membaca di Sekolah Dasar.* Jakarta : Bumi Aksara
- Sagala, Syaiful. 2011. *Konsep dan Makna Pembelajaran.* Bandung : Alfabetika
- Setiyadi, M Hum, Dr D. B. Putut. 2013. *Analisis Wacana.* Yogyakarta : Lintang Pustaka Utama
- Sudargo,dkk 1990. Strategi Belajar Mengajar. Semarang : IKIP Semarang Press.
- Subagyo, Joko P. 2006. *Metode Penelitian dalam Teori dan Praktek.* Jakarta: Rineka Cipta
- Sudaryanto.2012. *Tujuh Langkah Pengumpulan Data dan Lima Langkah Analisis Data.* Klaten. Universitas Widiya Dharma.

- Sugandi, Achmad, dan Haryanto. 2006. *Teori Pembelajaran*. Semarang Universitas Negeri Semarang Press.
- Sugiyanto.2010. Model-model Pembelajaran Inovatif. Surakarta :Yuma Presindo
- Suprijono, Agus.2009. *Cooperative Learning ( Teori dan Aplikasi Paikem)*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar
- Tarigan, Henry Guntur. 1986. *Membaca Sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa.
- \_\_\_\_\_. 1990. *Membaca Sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa.
- Tim Balai Bahasa Yogyakarta, 2011. *Kamus Bahasa Jawa (Bausastra Jawa)*. Yogyakarta : Kanisius
- Undang-Undang No 2 Tahun 2003. *Tentang Sistim Pendidikan Nasional*
- Yin, Robert K. 2015. *Studi kasus Desain & Metode*.Jakarta : Raja Grafindo Persada